

Pèseveran

Istwa ki fè
Somerville djanm

Istwa imigran kolektif nou an baze sou rezilyans. Pwojè sa a ak ekspozisyon an pale sou fòs inivèsèl ki nan chak nan nou.



Nan ekspozisyon nan Bibliyotèk Santral la jiska mwa Out, epi nan Bibliyotèk Branch Lès ak Lwès yo jiska mwa Septanm.

Kesyon? Kontakte Jake Savage nan jsavage@somerville.gov

tinyurl.com/PalanteSomerville

Dirije pa

mario**QUIROZ**
[marjo 'ki roj]

An patenyaria ak

somerville
PUBLIC LIBRARY

Somerville
Media Center

CAAS

Ak sipò

SAC
somerville arts council

Mass
Cultural
Council

DEPARTMENT OF
RACIAL & SOCIAL JUSTICE
CITY OF SOMERVILLE, MA

CITY OF
SOMERVILLE
OFFICE OF
COMMUNITY
DEVELOPMENT
CITY OF SOMERVILLE, MA


SomerPromise

Haitian Creole

YON PWOJÈ FOTO PA MARIO QUIROZ



*Gen plis bagay pou nou fè ke pou nou di.
Nou kreye kominote lè nou fè pati de li.*



*Wout ki rete dèyè a ap vin pi piti toutan nou
ap mache nan direksyon demen miyò a.*



*Si nou tann ase lontan, nou ap kontan anpil
pou nou wè kote tout bagay te kòmanse.*



*Sik lavi ap kontinye kèlkeswa sa ki rive.
Lanmou ak fanmi se engredyan kle ki fè
optimis grandi.*



*Se yon sans inite ak apatenans ki bay
yon vrè sans ak idantite nou yo.*



*Yon ti grenn ka tounen yon gwo demen. Se
yon benediksyon pou wè kijan li ap grandi.*



*Nou se yon kontinyasyon pou tan pase
a, menm jan nou se yon avni vivan.*



*Si sèlman nou te ka tande sajès ki soti
nan eksperyans, avni nou tout t ap pi
briye.*



*Fòs ki toujou fè nou avanse a soti nan
konsyans yon demen miyò.*



*Nou toujou ap bati, nou toujou ap
rebat, paske se sa nou ye e se sa nou
fè.*



Pou wè yon kout fim ki te kreye pou ekspozisyon
sa a, eskane kòd QR sa a oubyen vizite
tinyurl.com/PalanteSomerville

Kredi



**Yongchang Liang Ou ak GuangQi Si
Mandarin**

[Chante]



**Abdulla Awad
ki soti Palestin, an Arab**

Non mwen se Abdulla Awad, Palestinyen, k ap viv Somerville, pwopriyetè
ak ko-fondatè Yafa Bakery.

Non mwen se Abdulla Awad, Palestinyen kreyatè ak fondatè Yafa Bakery
and Cafe isit la nan kè Somerville. N ap kreye bèl ak mayifik biznis sa a pou
pwospere kominote a ak gwo vil Boston an. Nou rele li Yafa. Yafa vle di bèl
pou reflekte sou kiyès nou ye antanke Palestinyen epi pou reflekte sou
moun n ap desèvi yo, ki se manm kominote nou an epi pou reflekte sou sa
n ap sèvi tout sa se yon kesyon bote. Nou gen yon pwovèb ak yon dikton,
yon bèl dikton nan Palestin epi nou ta renmen pataje sa ak kominote nou
an. Lakay mwen se lakay ou, epi nou se envite ou. Lakay mwen se lakay ou,
epi nou se envite ou. Lè w se Palestinyen, se pa janm bliye kote w soti. Epi
se pou ofri yon moso ladan l bay mond lan.



**Sussen Queiroz Miller, Diuen Gazal Queiroz, José Alemán, ak Rafic
Miller.**

Soti Brezil, Salvadò, ak Ozetazini, an Pòtigè

Tankou tout fanmi imigran, nou te vin nan yon lòt peyi epi nou te enstale
nou isit la. Epi lakay nou se Somerville, se lakay nou. Epi tankou anpil fanmi
imigran, nou se yon melanj diferan kilti ak yon melanj konesans, gou ak
lang. Men patnè mwen José, ki soti Salvadò, nou pale Panyòl. Men manman
mwen, ki soti Brezil epi k ap viv avèk nou pandan tout ane sa yo, ap travay
pou fanmi nou ka rete ansanm, grandi, fò. Kidonk nou pale Pòtigè ak
manman m, Diuen. Epi sou kote m ak do m, k ap ban m yon sipò
enkwayab, se pitit gason m Rafic, ki se kalfou nan mitan tout kilti sa yo.
Grandi nan Somerville, nan lekòl piblik Somerville yo, Rafic pale Anglè,
Pòtigè, ak Panyòl. Paske Somerville se divèsite koulè sa a, divèsite gou sa a,
dezi pou mond lan fè yon sèl epi pou nou viv san fwontyè, mwen santi vil
sa a se vrèman yon refij ki fè nou santi nou pwoteje. Nou vle rete isit la,
men nan dènye ane sa yo, mwen gen 15 lane depi m ap viv isit la, yo te

pouse nou kite vil la. Yo te konn rele Somerville “Ti Brezil,” epi moun yo te kite vil la paske lwaye yo chè epi achte yon kay la a sèlman posib si ou ka peye plis pase yon milyon pou yon apatman. Kidonk, nou dwe goumen epi mete tèt ansanm ak tout asosyasyon rezidan ak lokatè yo pou asire jistis sosyal, paske lojman se yon dwa moun genyen. Se poutèt sa nou goumen epi nou foule beton Somerville pou nou mande jistis sosyal ak jistis nan zafè lojman, paske deja gen jistis nan zafè lang. N ap rete Somerville, paske kontwòl lwaye a pral retounen epi lojman pou klas ouvriye a pral retounen tou, paske nou vle rete Somerville epi nou vle rete lè nou kapab gen mwayen pou nou rete ak pou nou kontan epi pou nou itilize vil sa a tankou tout lòt moun ki rete la a. Nou se moun Somerville epi Somerville pi bon paske nou egziste tou.



Joice Peres Louro, Paulo Louro, Valentina, ak Noah
Soti Brezil, an Pòtigè

Bonjou/Bonswa tout moun nan kominote Somerville la. Non mwen se Joice, nou se Brezilyen, nou se lafami Louro. Mwen ta renmen remèsye Vil Somerville ak kominote a pou opòtinite nou te genyen yo. Gras a kominote a, mwen te kapab fini etid mwen nan Anglè, mwen te jwenn yon plas nan Bunker Hill College, epi nou kontan anpil pou nou la a, pou nou fè pati kominote akeyan sa a ki te anbrase nou menm ak kilti nou. Mwen ta renmen chante yon chante espesyal ki reprezante lafwa nou, ki se:

[Chante]

Mèsi!



Shreemila Bajracharya ak Maavisha
Soti Nepal, an Nepalè

Namaste, non mwen se Shreemila e sa a se pitit fi mwen Maavisha. Nou soti Nepal epi n ap pale nan lang matènèl nou (Nepal bhasa). Nou kontan anpil pou nou gen opòtinite pou nou pale nan lang matènèl nou isit la. Jodi a, mwen menm ak pitit fi mwen an pral chante yon ti chante. Nou pare? Ok? Kidonk...

[Chante]

Mèsi!



Nancy Paz ak Sara
Soti Kolonbi, an Panyòl

Bonjou, non mwen se Nancy epi li se pitit fi mwen Sara, nou isit la jodi a pou reprezante kilti Kolonbyen nou an. Nou soti Kolonbi, nou fyè dèske nou fè pati bèl peyi sa a, Kolonbi, epi nou ta renmen nou tout vin vizite nou yon lè pou nou ka viv tout koutim nou yo, divèsite gastrwonomik nou, gou fwi nou yo, kafe nou an—se yon bagay espektakilè. Nou gen diferan rejyon, chak rejyon ak zansèt li, kilti li, istwa li, epi li bèl paske ou ka vwayaje atravè

Kolonbi, klima a chanje vrèman fasil, soti nan yon tan frèt rive nan yon tan dou, epi nan yon (1) mil oswa de (2) mil, ou ka atenn yon klima totalman twopikal, yon klima cho enkwayab. Nou antoure avèk de (2) gwo oseyan, Pasifik la ak Atlantik la, kote divèsite fwidmè a espektakilè, kilti Karayib la se yon fenomèn, epi enteryè a, ak tout kilti li ak tout moun li yo, ras li, peyi a espektakilè, epi nou ta renmen ou kapab konnen li yon lè pou ou ka anrichi tèt ou tou ak tout sa Kolonbi ofri. Kounye a nou pral chante yon chan pou fè timoun mwen te konn chante pou Sara pou m te ka remonte moral li lè l te tou piti, epi li rele The Iguana (Igwana a), li chante konsa:

[chante pou fè timoun dòmi]

Nou ta vrèman renmen pou ou konnen Kolonbi, kilti li, kafe li, flò li, fòn li. Lè ou rive Kolonbi, ou ap santi w lakay ou. Moun isit la pa sèlman ba ou lanmen, yo ba ou akolad paske nou kwè tout moun egal epi nou vrèman apresye chalè fanmi, lakay ak zanmi. Laba a nou pran yon tas kafe, aguardiente, manje, pataje fwi ak tout sa nou vle. Byenveni nan peyi Kolonbi!



Jessica Luk ak Ping Luk
Soti Onkong, an Kantonè

Bonjou tout moun! Mwen se Jessica, epi sa a se papa mwen, Ping. Nou se rezidan Somerville. Nou soti Onkong. Onkong pwospè epi li bèl tankou "Pèl Oryan an," se poutèt sa jodi a n ap chante "Pèl Oryan an."

[Chante]

Mèsi!



Arjun Poudel ak Arisha
Soti Nepal, an Nepalè

Namaste, non mwen se Arjun Poudel.

Moun ki kanpe sou kote m nan, se pitit fi mwen an, pi piti pitit fi mwen an, Arisha Poudel. Nou menm ak fanmi nou ap viv nan Somerville, nan pawas 4 toupre Foss Park, depi prèske 20 dènye lane yo. Epi jodi a, kòm yon ti entwodiksyon sou kilti ak tradisyon Nepalè yo, nou pral eseye yon chante pèp Nepalè a te konn chante nan mòn Nepal yo, epi chante sa a avèti moun ki rete nan vil yo pou yo pa kite cham bouch dous moun pwovens yo chame yo. Ak son rivyè k ap koule desann nan mòn Imalaya yo. Ak eko montay yo.

Namaste, non mwen se Arjun Poudel.

Moun ki kanpe sou kote m nan, se pitit fi mwen an, pi piti pitit fi mwen an, Arisha Poudel. Nou menm ak fanmi nou ap viv nan Somerville, nan pawas 4 toupre Foss Park, depi prèske 20 dènye lane yo. Epi jodi a, kòm yon ti entwodiksyon sou kilti ak tradisyon Nepalè yo, nou pral eseye yon chante

pèp Nepalè a te konn chante nan mòn Nepal yo, epi chante sa a avèti moun ki rete nan vil yo pou yo pa kite cham bouch dous moun pwovens yo chame yo. Ak son rivyè k ap koule desann nan mòn Imalaya yo. Ak eko montay yo.

[Chante]



Susy Villeda

Soti Ondiras, an Panyòl

Bonjou, non mwen se Susy Villeda, epi mwen soti Ondiras. Mwen fèt nan lane 1991. Mwen pase tout lavi mwen menm kote a, nan menm peyi a. Mwen pa t chanje vil jiska 2021, lè m te vin nan peyi sa a, epi m te ansent. Mwen gen yon pitit fi ki rele Jaylin McDonald; Li se trezò mwen, tout bagay mwen, epi li fè m kontan. Malerezman, sa gen yon ti tan, mwen te pase nan yon moman ki te vrèman difisil. Mwen te fè depresyon ak anksyete apre akouchman, men gras ak BonDye mwen santi m pi byen jodi a. BonDye te voye moun ki pa menm fanmi mwen pou sipòte m, epi fanmi mwen sipòte m tou. Men, mwen santi mwen patikilyèman rekonesan anvwè moun ki te ede m atravè pwogram yo isit la nan Somerville—moun ki vin wè si m bezwen yon bagay pou tèt mwen, pitit fi mwen, mari m, oswa bofis mwen an. Konsa, mwen gen yon ti fanmi: bofis mwen, mari m, ak pitit fi mwen. No ap viv isit la nan Somerville. M ap di w yon ti kras sou sa m renmen. Mwen vrèman renmen baskètbòl, epi mwen renmen foutbòl (nou rele l "pelota" lakay nou). Detanzantan, mwen fè volontè pou pwogram yo; mwen renmen ede moun ki nan bezwen paske mwen konnen kijan sa ye lè w nan bezwen epi pafwa ou pa gen pèsòn pou ba w yon kout men lè w pi bezwen l lan. Se poutèt sa, mwen vle ede moun epi remèsye moun ki te la pou mwen yo. Mwen ta renmen prezante nou pitit fi mwen an, Jaylin McDonald. Li gen 3 lane. Vini, cheri mwen! Bon, mwen panse li yon ti jan timid jodi a, kidonk n ap kite l rete chita laba a paske li pa vle vin jwenn mwen. Men wi, sa se yon ti kras sou lavi mwen. Mwen se yon kwafèz, men mwen fè tout sa ki bezwen fèt tou. Mwen netwaye, kèlkeswa bagay la paske sa pa pwoblèm pou mwen. Mwen pa yon moun ki ap chache eskiz pou travay oswa nenpòt bagay, men pwofesyon prensipal mwen se kwafèz. Kidonk, mwen kontan anpil pou m la a epi mwen remèsye w pou opòtinite sa a pou m pataje yon ti kras nan lavi m. Mwen espere nou toutanfòm, epi BonDye beni nou.

Kredi